



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 07/11/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN SISTÈM DETEKSYON \$4.8 MILYON AN  
POU VEYIKIL KI TWÒ WO YO SOU OTOWOUT VIL NEW YORK YO**

***Sistèm ki Enstale nan Pon Ki Gen Pasrèl Ki Ba yo sou Hutchinson River Parkway  
ki nan Bronx ak Grand Central Parkway ki nan Queens***

***Detektè yo Minimize Kolizyon Kamyon yo, Amelyore Sekirite Wout yo epi Pwoteje  
Enfrastrikti Otowout yo***

***W'ap Jwenn Foto Detektè yo Ki Disponib [Isit la](#), [Isit la](#) ak [Isit la](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a achèvmann sistèm deteksyon \$4.8 milyon an pou veyikil ki twò wo yo, sou de (2) otowout nan Vil New York. Sistèm enfrawouj yo idantifye epi alète veyikil ki twò wo yo ki ap itilize otowout lan yon fason ilegal, pou anpeche veyikil yo frape pon ki gen pasrèl ki ba yo, ke yo kapab jwenn sou laplipa otowout yo nan New York. Sistèm lan te enstale nan kat lokalite nan Hutchinson River Parkway ki nan Bronx ak yon lokalite nan Grand Central Parkway ki nan Queens. W'ap jwenn foto detektè yo ki disponib [isit la](#), [isit la](#) ak [isit la](#).

“Teknoloji revolisyonè sa pral amelyore sekirite sikilasyon, amelyore mobilite, anpeche reta yo epi pwoteje enfrastrikti otowout nou yo,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Otowout sa yo se pati kle nan sistèm transpò Vil New York lan, epi amelyorasyon sa yo pral fè yo pi komòd, pi fyab epi pi sekirize pou tout moun.”

Gwo kamyon komèsyal ak traktè remòk yo entèdi pou antre sou otowout nan New York yo paske wout yo, ki te konstwi nan ane 1930 ak 1940 yo, yo te fèt pou machin sèlman epi yo genyen pasrèl pon ki ba, ak kèk ladan yo ki ba menm rive sèt pye. Sistèm deteksyon yo, ki devlope pa Depatman Transpò Eta New York lan (New York State Department of Transportation), yo fè pati dènnye jefò eta a pou kenbe veyikil komèsyal yo deyò sou otowout yo epi amelyore sekirite wout yo atravè Eta a. Aksidan anba Pon yo kapab koze aksidan ki grav, reta konsiderab nan sikilasyon an, epi andomaje pon yo.

Nan itilize pout enfrawouj yo, sistèm deteksyon an idantifye yon veyikil ki twò wo ki ap itilize yon otowout yon fason ilegal, li anrejistre mouvman veyikil yo sou video, epi apre li poste yon mesaj alèt pou chofè a sou yon siy mesaj elektwonik varyab, ki ap pèmèt chofè a kite otowout la anvan li rankontre yon pon. Yo voye enfòmasyon ak video yo bay Sant Jesyon Sekirite Konjwen Depatman Transpò a (Department of Transportation's Joint Traffic Management Center) pou ke lapolis kapab asiste nan

retire yon kamyon an tout sekirite soti sou wout la, oswa mobilize rapidman si yon aksidan rive.

**Matthew J. Driscoll, ki se Komisè Depatman Transpò Eta New York, te deklare,** “Gouvènè Cuomo te fè de transpò yon priyorite, epi investisman tankou sa yo ap ede modènize otowout nou yo epi fè yo vin pi sekirize. Depatman Transpò Eta a (State Department of Transportation) ap kontinye travay ak Lapolis Eta New York, Depatman Lapolis Eta New York ansanm ak lòt yo pou redwi aksidan anba pon yo epi asire ke tout otomobilis yo kapab rann yo kote ke yo bezwen rann yo.”

Nouvo sistèm deteksyon an te enstale nan lokalite sa yo, ki te idantifye kòm sit priyorite yo pou detekte veyikil ki twò wo yo:

- Hutchinson River Parkway nan direksyon sid ki tou pre Bartow Avenue anvan pon Westchester Avenue an;
- Hutchinson River Parkway nan direksyon sid ki tou pre Wilkinson Avenue ki apwoche pon Westchester Avenue an;
- Hutchinson River Parkway nan direksyon nò ki tou pre pèmitasyon Cross Bronx Expressway lan anvan pon Westchester Avenue an;
- Bruckner Boulevard sou ranp nan direksyon nò Hutchinson River Parkway lan anvan pon Westchester Avenue an;
- Grand Central Parkway nan direksyon lès ki tou pre pèmitasyon Long Island Expressway lan anvan pon Jewel Avenue an.

**Senatè Jeff Klein te deklare,** “Domaj akòz veyikil ki twò wo ki frape anba pon nou yo se pa sèlman aksidan ak reta nan sikilasyon, men tou yo se montan depans reparasyon pou Eta New York. Sepandan, nou genyen kounye a yon nouvèl fason pou konbat evènman sa yo gras a investisman enpòtan sa nan enfrastrikti nou an. Detektè sa yo pral kenbe pon ak wout yo pi sekirize epi kenbe sikilasyon an kontinye bouje, pandan l’ap asire ke enfrastrikti nou an li rezone estriktirèlman. Mwen kontan espesyalman pou mwen wè yo mete sistèm sa mache nan distrik yo ke mwen reprezante nan Bronx.”

**Michael Simanowitz, ki se Manm Asanble, te deklare,** “Enstalasyon detektè sa yo se yon ajou ki byenvini pou abitan Queens yo ak tout moun ki ap itilize Grand Central Parkway an. Se pa yon sekre ke sikilasyon ak anbouteyaj kontinye rete yon pwoblèm kalite lavi ki grav nan awondisman nou an. Teknoloji sa se yon bèl ekzanp modènizasyon enfrastrikti yo ke nou bezwen pou kapab amelyore efikasite ak sekirite otowout nou yo.”

**Ruben Diaz Jr., ki se Prezidan Awondisman Bronx, te deklare,** “Sistèm sa san dout pral rann wout nou yo pi sekirize epi pwoteje enfrastrikti vital nou an kont domaj ki pa nesesè yo, epi mwen felisite Gouvènè Cuomo ak Depatman Transpò Eta a (State Department of Transportation) poutèt achèvmman li.”

**Melinda Katz, ki se Prezidan Awondisman Queens, te deklare,** “Enstalasyon nouvo sistèm deteksyon sa pou veyikil ki twò wo yo nan seksyon kle nan Grand Central

Parkway lan, sa pral ede anpeche aksidan, reta sikilasyon yo ak domaj enfracstrikti. Tout chofè yo ki itilize Grand Central Parkway pral benefisye de enstalasyon sistèm sekirite sikilasyon inovatif sa. Gouvènè Andrew Cuomo ansanm ak Depatman Transpò Eta a (State Department of Transportation), ki dirije pa Komisè Matthew J. Driscoll, yo merite pou yo felisite yo poutèt yo dirije inisyativ sekirite enpòtan sa.”

Pwojè sa te resevwa yon Prim Platnòm (Platinum Award) nan men Konsèy Ameriken Konpayi Enjenyeri yo (American Council of Engineering Companies), ki se yon òganizasyon ki onore ekselans nan domèn enjenyeri a.

Depatman Transpò Eta New York lan (New York State Department of Transportation) te enstale ekipman similè nan senk lokilite sou Hutchinson River Parkway ki nan Konte Westchester, twa lokalite sou Northern State Parkway ki sou Long Island, ak yon lokalite nan Onondaga Lake Parkway ki nan Salina, ki tou pre Syracuse.

Sou demann Gouvènè a, Depatman Transpò Eta New York lan (New York State Department of Transportation) te antreprann yon seri etap pou envestige epi redwi kantite aksidan anba pon yo ki te koze pa veyikil komèsyal yo sou wout ak otowout yo. Depatman Transpò Eta New York lan (New York State Department of Transportation) te amelyore siyalizasyon ak makaj wout yo, enstale baliz klinyotant ak siy mesaj elektwonik varyab yo k’ap alète chofè kamyon yo sou restriksyon ki genyen nan wotè ak vwayaj sou pon yo, epi amelyore enfòmasyon katografi ki disponib pou chofè kamyon yo atravè sèvis GPS (Global Positioning System) yo, gwoup endistri, bwochi yo, ak sèvis enfòmasyon vwayaj 511NY lan.

Depatman Transpò Eta New York lan (New York State Department of Transportation) ak Lapolis Eta New York te dirije tou yon fòs entèkansyon pou aksidan pon yo ki ant ajans yo, ki nan plizyè eta, ki pataje enfòmasyon yo ant antite prive, lokal, ak eta yo nan rejyon metro Vil New York lan. Kòm yon pati nan efò sa a, Depatman Transpò Eta New York lan (New York State Department of Transportation) te konvoke diskisyon avèk konpayi asirans yo, founisè kat yo, fabrikan GPS yo, ak endistri kamyon an pou kapab kolabore sou amelyorasyon sekirite yo.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418